



OTORIZASYON MOUN K AP FÈ REKLAMASYON POU PATAJE DOSYE KONPANSASYON TRAVAYÈ

(Selon Lwa Konpansasyon Travayè Seksyon 110-a)

PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205 • www.wcb.ny.gov

NOU ENTÈDI MOUN K AP FÈ REKLAMASYON YO OTORIZE PATAJE ENFÒMASYON KONPANSASYON TRAVAYÈ BAY KONPAYI Y AP MANDE TRAVAY POU EVALYE SI YO GEN KAPASITE OSWA APWOPRIYE POU YON TRAVAY.

TANPRI REPONN TOUT KESYON. SI OU SOUMÈT YON FÒM KI PA KONPLÈ, SA AP METE RETA NAN TRETMAN DEMANN OU A.

Form with fields for 'Non moun ki fè Reklamasyon an:', 'Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Taks Moun ki fè Reklamasyon al', and 'Nimewo Dosye' with checkboxes for WCB, DB, Diskriminasyon, and PFL.

Text area for 'SI OTORIZASYON SA A PÈMÈT POU YO REVELE PLIS DOSYE TOUJOU, IDANTIFYE YO ANBA LA A SELON NIMEWO WCB / DB / DC / PFL AK / OSWA DAT AKSIDAN AN'

ENSTRIKSYON YO:

Soumèt orijinal la bay Konsèy Konpansasyon Travayè a epi kenbe yon kopi pou tèt ou. Otorizasyon pou pataje dosye pou sèten objektif pa valab selon lalwa. Gade pasaj nan WCL Seksyon: 110-A sou do fòm sa a. Otorizasyon sa a ap anplas jouk lè moun ki fè reklamasyon an anile li. Moun ki fè reklamasyon an kapab anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè depi li bay yon avi ekri bay Konsèy Konpansasyon Travayè a.

OTORIZASYON SA A PA BA OU PÈMISYON POU LOUVRI YON KONT ECASE ENDIVIDYÈL. OSWA POU WÈ DOSYE ECASE DEYÒ YON BIWO KONSÈY LA.

Dapre seksyon 110-a nan Lwa Konpansasyon Travayè yo, mwen, _____,

(NON MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN)

deklare mwen se yon moun ki nan/ki te nan dosye konpansasyon travay endike anwo a, epi mwen otorize Konsèy Konpansasyon travay la pou diskite dosye Konsèy Konpansasyon Travayè ki endike anwo a avèk ak/oswa bay yon kopi dosye ki endike anwo a bay _____,

(NON YON MOUN ESPESIFIK, KÒPORASYON, ASOSYASYON OSWA ENSTITISYON PIBLIK OSWA PRIVE)

nan _____.

(ADRÈS)

Mwen konprann moun k ap mande enfòmasyon yo ka oblije peye yon frè obligatwa avan Konsèy Konpansasyon Travayè a bay li kopi dosye sa yo.

Siyati Moun ki fè reklamasyon an (avèk plim sèlman -- itilize plim ble li posib)

Dat la

Si w pa bay enfòmasyon yo mande sou fòm sa a, sa p ap lakòz yo refize otorizasyon ou a, men li mete yon reta nan pwosesis demann ou an. Si ou dakò bay nimewo sekirite sosyal ou, sa pral pèmèt Konsèy la garanti enfòmasyon yo asosye ak demann ou a epi yo aji byen vit sou demann nan.

:Selon Lwa Konpansasyon Travayè Seksyon 110-a:

3. Otorizasyon endividyèl. Malgre restriksyon sou fason pou pataje enfòmasyon ki tabli nan soudivizyon en (1) nan seksyon sa a, yon moun ki gen yon dosye konpansasyon travayè gen dwa otorize pataje, re-pataje, oswa pibliye dosye li ak yon moun espesifik yo pa t ap otorize pou resevwa dosye sa a san pèmision li, kote li bay yon otorizasyon alekri pou pataje enfòmasyon sa yo bay konsèy la sou yon fòm prezidan an oswa nan yon otorizasyon orijinal notarye ki konsèy la espesyalman pou bay dosye konpansasyon travayè pou travayè a bay moun sa a. Sepandan, konfòmman ak seksyon san venn senk nan atik sa a, pa gen okenn otorizasyon ki mande pou kalite enfòmasyon bay yon konpayi travayè a ap mande travay k ap valab, ni yon otorizasyon ki pèmèt pou pataje dosye ki gen rapò ak kapasite yon moun pou travay oswa si li apwopriye pou travay la ap valid, epi piga yo pataje dosye sa yo pou rezon sa yo. Yon moun gen dwa refize bay otorizasyon selon soudivizyon sa a; men li ilegal pou nenpòt lòt moun konsidere sa nan evalyasyon li pou wè si moun sa a kalifiye pou yon avantaj oswa pou itilize refi sa a kòm baz pou aksyon ki gen pou wè ak travay.

4. Li ilegal pou nenpòt moun ki te jwenn kopi dosye konsèy la oswa enfòmasyon yo ka idantifye yon moun ak li nan dosye konsèy la pou pataje enfòmasyon sa yo ak okenn moun ki pa gen dwa legal pou jwenn dosye sa yo.

5. Nenpòt moun ki resevwa dosye konpansasyon travayè ki gen enfòmasyon ki ka idantifye moun paske li te bay yon fo pretèks oswa ki vyole seksyon sa epi li fè sa ak konesans ak volonte li, l ap koupab yon zak klas A epi yo ka kondane li, pou peye yon amann ki pa plis pase mil dola.

6. Anplis oswa nan plas nenpòt pwosè kriminel ki disponib nan seksyon sa a, nenpòt lè gen yon vyolasyon seksyon sa a, pwokirè jeneral la nan non pèp eta New York la ka mennen moun nan devan yon tribinal oswa jij ki gen konpetans sou zafè sa a grasa yon pwosè espesyal pou bay yon enjonksyon, epi apre yo bay defandè a yon preyavi ki pa mwens pase senk (5) jou, pou sispann fè vyolasyon sa yo, epi si sanble tribinal la oswa jij la satisfè defandè a te vyole seksyon sa a, tribinal la oswa jij la ka bay enjonksyon sa a, pou sispann fè plis vyolasyon, san yo pa bezwen bay prèv okenn moun te komèt zak la vre. Nan nenpòt ki pwosedi sa yo, tribinal la ka pèmèt pwokirè jeneral la selon paragaf sis (6) nan soudivizyon (a) seksyon katvevèn-twa sant twa lwa ak règ pratik sivil, epi bay lòd pou restitasyon. Nenpòt ki lè tribinal la detèmine yon moun te vyole seksyon sa a, tribinal la ka enpoze yon sanksyon sivil ki pa plis pase senk san dola pou premye vyolasyon an, epi pa plis pase mil dola pou dezyèm vyolasyon ki fèt nan twa (3) zan oswa pi piti. Konsènan nenpòt nan aplikasyon ki pwopoze yo, pwokirè jeneral la gen otorizasyon pou jwenn prèv ak fè yon detèminasyon konsènan enfòmasyon ki apwopriye yo ak pou bay manda selon lwa ak règ pratik sivil.